

Chitsauko 1

Kufamba munguva yokuomerwa

Kune kufamba kweMweya waMwari pasi rose nhasi uno zvisiri zvokufungidzira. Tirikuona simba nokudururwa kweMweya Mutsvene kuvarume navakadzi varikutendeukira kuna Ishe Jesu Kristu, mazuva ose pasi rose. Vamwe varikuponeswa nenzira inoshamisa . Tirikuona kukura kwechitendero chechiKristu, chichigamuchirwa navanhu vasingatendi zvisati zvamboitika.

Simba roMweya Mutsvene ririkuonekwa richibatanidza marudzi ose ne Kereke dzakasiyanasiya, chokwadi madziro owondomoka ! Vakuru navaduku, varume navakadzi, vachena navatema, mashura nezviratidzo, kutendeuka nokushandurwa kwavanhu zvirikuonekwa nokuda kweminamoto mizhinji ! Munoono here zvandinoreva kana ndichiti kusiyana kwamarudzi. ? Zvose izvozvi zvinoratidza kubata kwesimba raMwari. Vamwe vanogona kupedzisa vachiti simba raMwari ravakubata mumaKereke, asi chokwadi ndechekuti vatendi vazhinji varikuona kubata kwaMwari .

MUSANDIPFUURA MUPONESI

Vatendi vanotevera Kristu vanodana zvichibva pahudzami hwepasi pemoyo yavo, mashoko eVhangeri yakare inoti;

“ Musandipfuura Jesu,

Inzwi kuchema kwangu,

Muchitarira vamwe- Musandisiye. ”

Ungangove munhu wakadaro, arikuimbawo nhasi uno. Zvichida unombozvibvunza uchiti, sei zvinhu zvichiitika kwandiri ? Kana kuti wakambofamba uchipinda misangano yemaKereke akawanda, uchitarisira kubatwa nesimba raMwari nenzira inoshamisa kuti uone kana uri mwana

waMwari. Panogona kuva nemumwe musangano wausina kuda kuenda, panova ndipo Mwari paakazviratidza, vamwe vakataura nendimi, vamwe vakabapatidzwa, vamwe ndokuporeswa, kudzikinurwa, navamwe vakashandurwa hupenyu hwavo .

Hongu , zvimwe wakatombonamata zvichibva pasi pemoyo wako, asi hauna kugamuchira kubatwa nesimba raMwari sezvawaifungira . Wakaona mumwe wakanga akamira padivi pako achinamatirwa achibva awira pasi , iwe wakangomira pauri ipapo. Ukatomboedza kusimudza maoko ako uchinamata asi wakaonekwa sebenzi, pane kuti unge uri muMweya. Ukamboedza kuti utaure nendimi asi mumwe akanga akamira pedyo newe akakubyunza kuti, unotaurei, zvauri kunge huku iri kukwekwedza ? Wakaedza kumbotsanya, ukachema, ukasvetuka asi uchiri munhu mumwecheteyo- wakangoita samapfupa akaoma.

Iri bhuku rakanyorwa nenzira yokuti ubatsirwe zvirinyore, kuti rigokupa tariro yorugare nerunyararo. Mashoko ari mubhuku rino ndeako iwe !

Dudziro

Pano ndinoda kunyatsodudzira bhuku rino , usati waenderera mberi mukuriverenga . Zvirinani kuti ndidudzire zvandisiri kureva , kana ndichiti “*rwendo rwokuomerwa.*”

Handisi kureva kuonekwa kwerima, kana kusviba kwemoyo, zvinokonzerwa nokuda kwekusateerera Mwari. Kana iyezvino usina hukama hwakanaka naMwari nokuda kwekuramba kutungamirirwa noMweya Mutsvene, kana kuti wakamboita zvisakarurama, zvakadai handizvo zvandinoti *rwendo rwokuomerwa* ! Kana uri mumwe ari kurarama munguva yakadai, ziva kuti ndiMwari varikukuraira, nokuti vanokuda, havadi kukusiya uri zvauri izvozvo. Davidi wakaedza kuviga chivi chake, wakashungurudzika pamoyo wake akadana kuna Mwari, achiti :

“Ndinzwirei tsitsi Jehova, nokuti ndiri panjodzi; Ziso rangu rapera nokuchema, zvirokwavzo, nomweya nomuviri wanguwo. Nokuti hupenyu hwangu hwapera nokuchema, namakore angu nokugomera; Simba rapera nokuda kokutadza kwangu, uye mapfupa angu asakara.”

(Mapisarema 31:9-10)

Pane imwe nguva akati, “ *Panguva yandakaramba ndinyerere, mapfupa angu asakara nokuvuvura kwangu zuva rose. Nokuti ruoko rwenyu rwakanga ruchirema pamusoro pangu masakati nousiku; Vunyoro hwangu hwakashandurwa hukava kuoina kwechirimo.* ” (**Mapisarema 32: 3-4**)

Kumanikidzwa nokutambudzika kwepamoyo waDavidi kwakaunzwa naMwari kuti Davidi ayeuke chivi chake, akazotendeuka nokukumbira ruregerero. Ipapo ndipo pakava mavambo ekutendeuka kwake kubva mukuomerwa kwemweya wake. Akazopupura nerimwe ramazuva achiti, “ *Ndakakuzivisai chivi changu, handina kuvanza chakaipa changu; Ndakati: ndichazvirevurura kudarika kwangu kuna Jehova: Imi mukandikanganwira kuipa kwechivi changu. Saka vose vanotywa Mwari ngavanyengetere kwamuri panguva yamungawanikwa; Zvirokwazvo kana mvura zhinji ichikukura, haingasviki kwaari* ” (**Mapisarema 32:5-6**)

Hama ndinokukumbira kuti utevere nzira yakaitwa naDavidi. Tendeukira kuna Mwari ugoREVURURA zvivi zvako muchokwadi. Mwari anokuregerera nokukudzosera pahunhu hwako hwakare, agokuratidza nzira yekuenda kumakomo eZioni. Zviite iye zvino, usati wamboenda kure. Baba vako vakakumirira kuti udzokere kwavari !

Panogona kuva nemunhu uyo wakarasiKIRWA nomufaro, achifunga kuti ndiMwari vamutsamwira, agorasa tariro yose, asi zvinenge zvisirizvo.

Muchikamu chinotevera uchazviwanira mhinduro padambudziko raunaro. Kuna vamwe, nokuda kokusaziva vakatendera kurasikirwa namakomborero aMwari avakanga vapiwa panguva yokubata kwavo kose. Makomborero iwayo awaizofambisa murwendo rwako rohupenyu .Zvino zvausisina pokubatira, usafambe seusina murangariro ! Mwari anonoka kutsamwa uye anenyasha huru nokuregerera. Ane zviBEREKO zvizhinji zvokupa kuvana vake vose vanotendeukira kwaari.

Dzoka kwaari nhasi, wochikumbira nokutenda, ugoGAMUCHIRWA mukuyanana naye, pamatambudziko ako ose, ugodzororwa zvose zvawakarasiKIRWA nazvo. Iye anokunzwa, anokupindura kubva kudenga !

Zvino chifamba , uchibva murwendo rwemugwenga , uchipinda muhupenyu hurinani !